



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou piblikasyon imedyat: 10 desanm 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DAT LIMIT POU JWENN ASISTANS POU KATASTWÒF NAN FEMA TE
PWOLONJE**

***Sitwayen trèz (13) konte ki nan deklarasyon an ka aplike pou asistans pou katastwòf nan FEMA jouk
nan dat 28 janvyè 2013***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse dat limit pou sitwayen k ap viv nan youn nan trèz (13) konte yo deklare pou katastwòf yo pou yo enskri pou asistans nan FEMA te pwolonje jouk nan dat 28 janvyè 2013. Dat limit anvan an se 31 desanm 2012.

Asistans federal pou katastwòf pou moun ak fanmi yo kapab gen ladan lajan pou asistans pou lokasyon, reparasyon enpòtan nan kay, pèt byen pèsònèl, ak lòt bezwen serye ki asosye avèk katastwòf ki pa garanti nan asirans. Sitwayen ki nan konte sa yo kalifye pou asistans lan: Bronx, Kings, Nassau, New York, Richmond, Rockland, Westchester, Suffolk, Queens, Orange, Putnam, Sullivan ak Ulster.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Pandan n ap travay pou ede kominote yo retounen nan aktivite yo, pwolongasyon sa a ap yon gwo èd pou Nouyòkè ki te frape di nan Ouragan Sandy. Pandan n ap vanse nan sezon fèt la pou kòmanse Ane Tounèf la, pwolongasyon sa a ap pèmèt fanmi ak moun ki afekte yo jwenn tan siplemantè pou aplike pou asistans ki trè nesèsè pou ede yo rebati ak retounen nan aktivite yo.”

Moun yo kapab enskri sou Entènèt nan sitwèb www.disasterassistance.gov oswa nan telefòn entèlijan yo oswa nan tablèt enfòmètik yo nan sitwèb m.fema.gov.

Aplikasyon yo ka rele 800-621-3362 oswa (TTY) 800-462-7585 tou. Aplikasyon ki itilize Relè 7-1-1 oswa Sèvis Relè Videyo (VRS) kapab rele 800-621-3362. Nimewo telefòn gratis yo fonksyone 24 èdtan pa jou, sèt (7) jou pa semèn, jouk lè gen lòt avi.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole